



Sèvis Relasyon Kominotè Depatman Jistis Etazini

## Angaje ak Bati Patenarya ak Ameriken Sikh yo

Pwogram Depatman Jistis Etazini (DOJ) Sèvis Relasyon Kominotè a (CRS), Angaje ak Bati Patenarya ak Sikh Ameriken yo, yon kou fòmasyon an pèsòn, twa-zèdtan, ke ekspè nan matyè a prezante, te fèt pou familyarize lapolis, ak gouvènman ofisyèl yo, menm jan tou pou lidè sivik ak kominotè yo, avèk koutim ak aspè kiltirèl yo nan kominote Sikh Ameriken an, ki gen ladan kwayans yo, pratik yo, ak dwa sivil ki gen rapò ak pwoblèm ki gen enpak sou kominote an.

Nasyon nou anrichi nan divèsite li. Konprann kilti ak koutim nan divès kominote yo ka difisil ak konplèks pafwa. Ofisyè polis yo, premye sekouris yo, ak lòt otorite gouvènman ofisyèl yo, menm jan ak lidè kominotè, dwa sivil, relije, lekòl, ak tribi yo, ka ranfòse relasyon yo ak kominote Sikh Ameriken yo sèvi yo nan aprann sou sansiblite kiltirèl, pi bon pratik sou kijan pou angaje, ak pi bon metòd kominikasyon.

### Benefis ki genyen nan Fòmasyon ▼

Fasilité  
koperasyon pou  
entèraksyon fasil

Etabli respè  
youn ak lòt

Ogmante  
sekirite

Ranfòse  
patenarya pou  
konstwi konfyans  
publik

### Apèsi sou Pwogram ▼



#### Enpòtans Konsyantizasyon

Kominotè Konsyantizasyon kominotè pèmèt rapò ak manm kominote yo nan yon fason enfòme. Leson sa eksplike kijan konpreyansyon kwayans ak pratik relije yo nan yon kominote ankouraje amelyorasyon nan angajman yo epi detaye pwoblèm ki afekte Ameriken Sikh yo.

#### Bati Konsyantizasyon ak

Konpreyansyon Leson sa a ofri enfòmasyon debaz sou Ameriken Sikh yo ak lafwa yo ak sa ki enfluiyanse entèraksyon chak jou yo nan ede evite malantandi ak estereotip, pandan yap idantife pratik angajman kominotè ki konpatib yo.

#### Planifikasyon Angajman

Kominotè Leson sa idantife estrateji angajman kominote yo ki pouse pi bon pratik yo sou kòman pou kiltive ak avanse relasyon yo ak Sikh Ameriken yo ak mete aksan sou benefis ki genyen nan kreye patenarya yo ant lapolis, publik ofisyèl yo, ak kominote Sikh Ameriken an.

## Konsènan CRS ▼

Etabli anba Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 yo ak elaji anba lwa 2009 pou Anpèchman Krim Rayisans nan Matthew Shepard la ak James Byrd, Jr la, CRS sèvi kòm "America's Peacemaker" pou kominate ki fè fas ak tansyon oswa konfli ki baze sou diferans ki genyen nan ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, reliyon, ak andikap. Sèvis CRS gen pou objektif pou amelyore kapasite kominate lokal yo pou evite ak rezoud konfli nan lavni poukонт yo oswa nan kolaborasyon youn ak lòt atravè metòd pou rezoud pwoblèm, ogmante konesans, ak amelyore komunikasyon.

## Sèvis ak Pwogram CRS yo ▼

CRS bay yon etalaj pwogram ak kominate ki gen tansyon yo, kòm yon zouti pou kiltive konpreyansyon, amelyore kolaborasyon, ak anpeche dezakò nan lavni. Anplwaye CRS yo se medyatè pwofesyonèl, fasilitatè, fòmatè, ak konsiltan ki gen eksperyans nan mete manm kominate yo ansanm pou ede amelyore kapasite yo nan rezoud konfli ki egziste deja ak anpeche konfli nan lavni.

## Ki kote nou travay ▼

### CRS Katye Jeneral ⚡

Washington, DC

### Biwo Rejyonal CRS yo 🌐

**Nouvo Anglete**  
Boston, MA

**Mitan-wès**  
Chicago, IL

**Lwès**  
Los Angeles, CA

**Nòdès**  
New York, NY

**Sidwès**  
Dallas, TX

**Nodwès**  
Seattle, WA


**Mitan-Atlantik**  
Philadelphia, PA

**Santral**  
Kansas City, MO

**Biwo Andeyò CRS yo 📻**  
Miami, FL      Houston, TX  
Detroit, MI      San Francisco, CA

**Sidès**  
Atlanta, GA

**Rocky Mountain**  
Denver, CO



## Jwenn nou, konekte ak nou▼

[www.justice.gov/crs](http://www.justice.gov/crs)

[facebook.com/DOJCRS/](https://facebook.com/DOJCRS/)

@DOJ\_CRS

askcrs@usdoj.gov

202.305.2935